

Sante ak Sekirite nan Espas Travay

Tout travayè gen dwa pou yo travay yon kote ki gen sekirite epi ki pa yon danje pou sante yo

Kisa OSHA ye?

OSHA se ajans federal ki garanti tout travayè Ozetazini travay yon kote ki gen sekirite epi ki pa yon danje pou sante yo. Patwon yo dwe swiv lwa federal OSHA yo oswa plan Eta a apwouve yo.

Danje ki souvan gen nan espas travay

Kèk danje ki souvan genyen travay se atè mouye, kontak ak sibstans chimik, bakteri ak viris, epi vyolans nan espas travay. Selon lwa federal, ou gen dwa pou w gen yon espas travay ki san danje. Patwon w lan dwe bay yon espas travay ki san danje pou sante w ak sekirite w.

Patwon yo

Patwon yo dwe ba ou fòmasyon sou zafè sante ak sekirite nan yon lang travayè yo ka konprann. Yon patwon pa ka fè ou anyen ki mal paske ou te pale sou yon enkyetid pou sekirite oswa sekirite oswa paske yo te deklare yon chòk oswa yon maladi ki gen pou wè ak travay ou. Patwon ou ka oblije ba ou swen medikal ak peye pou jou travay ou te manke ki gen rapò ak ka ou a.

Ou gen dwa pou yo ba w gan sekirite ki nesèsè, pou yo pwoteje w kont pwodui chimik toksik yo, pou w mande yon enspeksyon OSHA epi pou w pale ak enspektè a. Ou gen dwa pou w deklare yon blesi oswa maladi, jwenn kopi dosye medikal ou yo, gade kopi rejis blesi oswa maladi nan espas travay la, epi revize dosye blesi ak maladi ki gen pou wè ak travay yo. Si w panse kondisyon travay yo danjere oswa pa bon pou sante w, ou ka depoze yon plent sekrè bòkote OSHA epi mande yon enspeksyon.

Dwa w yo

Kèlkeswa sitiyasyon an, tout travayè gen dwa, pwoteksyon, ak aksè gratis pou w jwenn èd nan men OSHA. Ou gen dwa pou pale sou yon enkyetid ou gen pou sekirite ak sante san ou pa pè pou patwon ou pa fè ou anyen ki mal. Si ou fè yon aksidan nan travay ou, di patwon ou sa san pèdi tan. Ou gen sèlman 30 jou pou deklare yon aksidan ou fè nan travay. OSHA ak PhilaPosh disponib pou ede ou epi enfòmasyon ou ap konfidansyèl.

Pou jwenn plis enfòmasyon

PhilaPOSH

www.philaposh.org

215-386-7000

OSHA

www.osha.gov

1-800-321-6742